Italie

# LAN NGA WARA XAM CI WÀLLU TOXAL

## ÑI AM KAARANGE BITIM RÉEW



**Ñu bàyyi ci xel.** **Teere bii amna xibaar yu la amal solo.**
**Bu amee lenn loo xamul, mën nga ko laaj ab ligeeykat mu leeral la.**

WOLOF

# LI TEERE BI LÀQQ


lan mooy toxal? 3

Bu ñu la tànnee, ci ban réew lañu lay toxal? 4

Lan lañuy xaar ci yaw buñu la tànnee ngir toxal la? 4

Waa bu fekkee danga nekk ak say mbokku nak? 5

Ndax dinañu amal jotaayu laaj-ak-tontu lu jiitu toxal bi? 5

Lan mooy xew ci ginaaw toxal bi? 6

## LAN MOOY TOXAL?

Bu fekkee ab réew dafa jotandoo ay bindu yu bari ngir kaarange bitim réew te mënu leen toppatoo, yeneen réew yi mën nañu ko dimbali ci anan yu wuute. Benn ci anam yi réew yi mëna dimbalantee mooy ñu nàngu ñu toxal nit ñi ñu may kaarange bitim réew (ñu di leen woowee tamit ñi am kaarange bitim réew) ci beneen réew. Loolu lañuy woowee toxal.



Ñi am kaarange bitim réew ci ñetti at yu mujju yi rekk la ñu mëna toxal.

Bu loolu amee mën na am ñu toxal la ci beneen réew.
26 rekk ci réew yu bokk ci reew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin fi ñu tollu nii ñoo mëna bokk ci toxal yi ci yeneen réew.

**LU AM SOLO! Yaa ngi léegi ci Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**

Fiñu tollu nii 26 réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin yi mëna bokk ci toxal yi ñooy: Belgique, Bulgarie, Tchéquie, Allemagne, Estonie, Irlande, Grèce, Espagne, France, Croatie, Italie, Chypre, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Hongrie, Malte, Pays-Bas, Autriche, Pologne, Portugal, Roumanie, Slovénie, Slovaquie, Finlande ak Suède.

5 réew "yi àndandoo" ak yeneen réew yi bokkul ci toxal yi fi ñu tollu nii ñooy: Danemark, Islande, Liechtenstein, Norvège ak Suisse.

## BU ÑU LA TÀNNEE, CI BAN RÉEW LAÑU LAY TOXAL?

Njiit yi dina ñu jël dogal ci kan lañu wara mëna toxal.

Buñu la tànnee ngir toxal la, dinañu la toxal ci beneen réew boo fésalee sa nàngu ñu def ko.

**LU AM SOLO!** Mënoo tànn ci ban réew lañu lay toxal.

## LAN LAÑUY XAAR CI YAW BUÑU LA TÀNNEE NGIR TOXAL LA?



Buñu la tànnee ngir toxal la nga fésal sa nàngu ci ñu toxal la ci réew moomu, war nga:

- ànd ak njiit yi ci ligeey bi te topp seeniy ndigal
- desal ci réew mi ba kerook taarix bi nga wara tukki te njiit yi war nañu lay mëna jot

## WAA BU FEKKEE DANGA NEKK AK SAY MBOKKU NAK?

Bu fekkee ni danga ànd ay mbokku yu jege yoo xam ni amnañu tamit kaarange bitim réew te ñu tànn la ngir toxal la, dinañu la boole toxal ak sa waa-kër fi ñu tollu nii te ñu tànn la ngir toxal la, ci kaw ñu fésal tamit nàngu toxal bi.

Jàpp nañu ni mbokk yu jege ñooy:



- jëkkër wala jabar
- nekkaale boo xam ni seen diggante dafa sax




- doom (bu amagul 18 at te duggagul ci neegu sey).

## NDAX DINAÑU AMAL JOTAAYU LAAJ-AK-TONTU LU JIITU TOXAL BI?



Buñu soxla wee ay xibaar yu gëna yaatu ci yaw, dinañu def ab jotaayu laaj ak tontu. Dina jëm ci wàllu kaarange. Boo bëggee dem ci jotaayu laaj ak tontu buni mel, njiit yi dinañu la jox ay leeral ci lu jiitu.

## BAN DIIR LA TOPPATOO TOXAL BI DI AM?




Bu fekkee yonnee nañu la ab sàkkuteef ngir ñu toxal la ci beneen réew, réew moomu war na mëna jël ab dogal ci sàkkuteef bi ci diiru benn ba ñaari ayubes.

Buñu nàngu wee sàkkuteef bi sa toxal ci réew mi dina ñu ko def ci diiru ñeent ayubes.

Dina ñu la yëgal toxal bi lu mu néew-néew diiru 1 ayubes balaa muy jot.

Bu fekkee réew mi nàngu wul sàkkuteef bi, dinga des ci réew mi.

## LAN MOOY XEW CI GINAAW TOXAL BI?

Bu ñu la toxalee ci beneen réew, say sañ-sañ ndax li nga nekk ku am kaarange bitim réew dinañu leen toxal ci saas yi co réew moomu.

Teere bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Mbootaayu Réew yu booloo yu Órob ngir dalal daw-làqqu yi (EUAA) moo joxe li ëpp li nekk ci jumtukaay bi, te EUAA mooy joxe digal ci sotti wala soppi jumtukaay bi ci réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob. EUAA amul lenn lumu warlu ci wéraayu xibaar yi nekk ci teere bi te tukkee ci réew yu bokk ci kureelu Réew yu booloo yu Órob, ci luñuy wund, ci seen mataay, ci seen dëppoo ak yoon wala ci seen wóoraay. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk teere bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025